

NILAI PATRIOTISME SAJRONE NOVEL NYAI AGENG SERANG ANGGITANE S. SASTROATMODJO

Rizka Rahma Agustina

Jurusan S1 Pendidikan Bahasa Daerah, Fakultas Bahasa dan Seni, Universitas Negeri Surabaya
rizkarahmaagustina@yahoo.com

Dra. Suwarni, M. Pd.

Dosen Jurusan S1 Pendidikan Bahasa Daerah, Fakultas Bahasa dan Seni, Universitas Negeri Surabaya

Abstrak

Novel *NAS* minangka novel sejarah kang bisa nggugah semangat perjuwangan *militansi* lan *solidaritas*, amarga nyeritakake perjuwangan pahlawan nasional wanodya idola Indonesia yaiku Nyai Ageng Serang. Novel *NAS* iki saliyané weneh panglipur kang madradani, pranyata uga ngandhut tepa palupi kang becik lan migunani tumrap bebrayan. Metodhe panliten iki deskriptif kualitatif kanthi pendekatan struktural, teknik pangumpulan dhatane metodhe pustaka dene teknik analisis dhatane metodhe hermeunitika. Asil panliten struktur novel *NAS* yaiku temane patriotisme, alur maju, paraga utama Nyai Ageng Serang kang disengkuyung dening paraga tambahan liyané, latar panggonan bebarengan karo latar wektu. Latar sosialé nggambarake kepriyayan sarta tata carane mikir lan nandhang prakara. Nilai patriotismene yaiku, (1) *solidaritas* (pasedhuluran) nyakup tulung-tinulung lan gotong royong; (2) *Pro Patria* lan *primus patrialis* kagambarake lelabuhan kanthi pengabdian sarta setya tumrap negara lan pandhegane; (3) *toleransi* dituduhake kanthi tepa slira; (4) tanpa pamrih kagambarake amanah, tanggung jawab, lan lila kurban; (5) satriya dituduhake kanthi kendel, tangguh, wicaksana, blaka, gedhe pangapura, *optimis*, lan welas asih. Sesambungane nilai sejarah novel *NAS* lan crita Nyai Ageng Serang minangka pelaku sejarah Indonesia, yaiku Nyai Ageng Serang sajrone novel lan ing kanyatan sejarah Indonesia nduweni prinsip anticolonial kuwat lan gedhe jiwa patriotismene.

Tembung wigati: nilai, patriotisme, sastra sejarah, novel sejarah, lan historis.

Abstrak

Novel *NAS* sebagai novel sejarah yang bisa menggugah semangat perjuangan militansi dan solidaritas, karena menceritakan perjuangan pahlawan nasional wanita idola Indonesia yaitu Nyai Ageng Serang. Novel *NAS* ini selain memberi hiburan yang menarik hati, ternyata juga mengandung suri teladan yang baik dan berguna bagi masyarakat. Metode penelitian ini deskriptif kualitatif dengan pendekatan struktural, teknik pengumpulan datanya metode pustaka sedangkan teknik analisis datane metode hermeunitika. Hasil penelitian struktur novel *NAS* yaiku temanya patriotisme, alur maju, tokoh utama Nyai Ageng Serang yang didukung oleh tokoh tambahan lainnya, latar tempat bersamaan dengan latar waktu. Latar sosialnya menggambarkan kebangsawanan serta tata cara berpikir dan bersikap dalam masalah. Nilai patriotismenya yaitu, (1) solidaritas (kekeluargaan) mencakup tolong-menolong dan gotong royong; (2) pro patria dan primus patrialis digambarkan perjuangan dengan pengabdian serta setia terhadap negara dan pemimpinnya; (3) toleransi ditunjukkan dengan tenggang rasa; (4) tanpa pamrih digambarkan amanah, tanggung jawab, dan rela berkorban; (5) ksatria ditunjukkan dengan berani, tangguh, bijaksana, jujur, pemaaf, optimis, dan peduli. Hubungannya nilai sejarah novel *NAS* dan cerita Nyai Ageng Serang sebagai pelaku sejarah Indonesia yaitu, Nyai Ageng Serang dalam novel dan di kenyataan sejarah Indonesia mempunyai prinsip anticolonial kuat dan jiwa patriotismenya tinggi.

Kata Kunci: nilai, patriotisme, sastra sejarah, novel sejarah, dan historis.

PURWAKA

Karya sastra mujudake asile reriptan saka sawijine pawongan kang nindakake kagiyatan tulis-tinulis. Saliyané iku, karya sastra uga bisa weneh panglipur amarga ngandhut nilai kaendahan lan

piwulangan sajrone urip. Sastra kang ditulis nalika wektu tartamtu, mesthi sesambung karo norma-norma lan adat istiadat sawijine jaman, saengga bisa didudut yen karya sastra mesthi gambarake budaya jamané lan sifat-sifaté ditemtokake dening

masyarakat (Luxemburg, 1989:23). Sabanjure, asile karya sastra kasebut bisa diperang miturut wujud lan jinise. Miturut wujud ana loro yaiku gancaran lan guritan, dene miturut jinise salah sawijine ana karya sastra sejarah. Anane karya sastra sejarah bisa dideleng saka crita sejarah bangsa Indonesia nalika jaman penjajahan biyen, amarga nalika jaman semono akeh prastawa kang dumadi lan ora bisa dilalekake senajan bangsa Indonesia saiki wis maju. Sejarah mujudake perangan kang dhasar saka sawijine proses lan wiwitan kanggo lumaku ing jaman saiki.

Karya sastra kang ngandhut kanyatan-kanyatan sejarah, Wusanane bakal nglairake sastra sejarah. Notosusanto (sajrone Sutrisno dkk, 1985:463) ngandharake tapak-tapak patilasan sejarah iku ana kang awujud barang (kayata gedhung, alat senjata, patung, arca, lsp); tulisan (layang, kalawarti, dokumen,lsp) sarta awujud katrangan lisan. Selaras panemune Kasdi (sajrone Kamidjan, 2007:3) ngandharake unsur-unsur kang mangun panulisan sejarah yaiku (1) sumber kepurbakalaan, (2) sumber saka tulisan kayata babad-babad liyane, lan (3) warta akang kayata cathetan saka Cina amarga biyen wong Cina nate tumeka menyang Indonesia. Kajaba iku, anane bangsa liya kayata Portugis, Inggris, Jepang lan Walanda kang nate njajah Indonesia.

Salah sawijine novel kang kalebu sastra sejarah yaiku novel *Nyai Ageng Serang* anggitané S. Sastroatmodjo. Novel kasebut mujudake adopsi saka crita rakyat, banjur taun 1982 didadèkake sawijine novel kanthi irah-irahan *Nyai Ageng Serang* kang diterbitake dening PN Balai Pustaka lan kandhele 115 kaca.

Wose crita novel *NAS* ngandhut nilai patriotisme saengga bisa dadi tuntunan kanggo nuwuhake rasa semangat nasionalisme masyarakat tumrap bangsa lan negara. Panlitene novel *NAS* iki diajab bisa weneh tepa-palupi tumrap para mudha amarga nilai patriotisme kang kawangun sajrone wose novel kasebut bisa nggugah semangat jiwa-jiwane para mudha tumuju samubarang gegayuhan kang luhur sarta utama.

Novel kasebut minangka gegambarane crita sejarah pahlawan nasional bangsa Indonesia yaiku Nyai Ageng Serang kang wose nyaritakake kepriye anggane lelabuhan nggunakake semangat juwang kang kukuh lan jiwa patriotisme gedhe kang mujudake moral perjuwangan kang ngandhut rasa tresna marang tanah wutah getihe kanggo ngrebut kamardikan bangsa Indonesia saka penjajah,

amarga sejatine jiwa patriotisme lair saka anane rasa nasionalisme. Patriotisme minangka modal utama *pembangunan* lan bisa diarani kakuwatan saka rakyat banjur disengkuyung kakuwatan bangsa, mula irah-irahan saka panliten iki yaiku "*Nilai Patriotisme sajrone Novel Nyai Ageng Serang Anggitane S. Sastroatmodjo*."

Nilai yaiku sawijine reiptan kang ngandhut konsep kang dipingini lan nduweni *keefektifan* kanggo weneh daya pangaribawa sajrone pratingkah (Kasdi, 1996:8). Samubarang diarani nduweni nilai nalika samubarang kasebut nduweni sipat penting, ana pigunane, endah kang nyugihake batin, kang bisa nyadharake manungsa karo harkat lan martabate (Widayati dkk, 2008:85)

KBBI (2008: 1031) ngandharake patriotisme mujudake tumindake pawongan kang sedya ngurbanake sekabehane kanggo kejayaan lan kemakmuran tanah wutah rohe. Tujuan patriotisme yaiku nuwuhake watek tresna marang tanah wutah getihe.

Saputra (2009:68) ngandharake nilai-nilai positif lelabuhane jiwa lan semangat bangsa Indonesia dadi pahlawan yaiku: (1) *solidaritas* (pasedhuluran) mujudake sipat pedhuli marang kanca saka sekabehane golongan masyarakat, tumrap lelabuhane bangsa nalika anggayuh kamardikan. Para pahlawan nduweni pepinginan kang padha yaiku ngrebut kamardikan Republik Indonesia saka penjajah. *Solidaritas* (pasedhuluran) nyakup tulung tinulung lan gotong royong. (2) *Pro Patria* lan *primus patrialis* yaiku tansah tresna tumrap tanah wutah getihe kanthi mentingake kapentingan bangsa lan negara sandhuwure kapentingan pribadhi utawa golongan. *Pro patria* lan *primus patrialis* bisa kagambarake kayata lelabuhan kanthi pengabdian sarta setya tumrap negara lan pandhegane. (3) *Toleransi* yaiku tansah ngormati lan nregani antarane agama, suku, golongan, lan bangsa. *Toleransi* ditujokake kanthi sipat tepa slira. (4) Tanpa pamrih yaiku tansah ikhlas nindakake apa kang dadi kuwajibane. Tanpa pamrih bisa digambarake kayata amanah, tanggung jawab, lan lila kurban. (5) Satriya iku tumindak kang ngasilake kabecikan antarane kita lan wong liya sarta tansah ngugemi nilai-nilai kamanungsan kayata gedhe pangapura lan ora bales dendham. Satriya iku kayata kendel, tangguh, wicaksana, blaka, gedhe pangapura, *optimis*, lan welas asih.

Adhedhasar andharan kasebut bisa didudut yen patriotisme mujudake tumindake pawongan kang sedya ngurbanake sekabehane kanggo

kejayaan lan kemakmuran tanah wutah rohe. Dadi nilai patriotisme yaiku samubarang kang positif lan nduweni guna kang kinandhut sajrone jiwane manungsa kang gegayutan karo bela negara.

Novel *NAS* mujudake sastra sejarah genre modern. Suwarni, (2013:124) ngandharake sastra sejarah yaiku karya sastra kang ngandhut aspek fiktif lan aspek estetis, sarta sejarah kang disengkuyung dening kedadeyan kang ana gegayutane karo pelaku lan latar kang bisa ditanggung jawabake kanthi ilmiah. Kamidjan (2007:22) ngandharake guna sastra sejarah ing Indonesia yaiku:

1. Nyathet prastawa-prastawa kang dumadi supaya dieling lan dingerteni dening anak lan mintuna.
2. Menehi gambaran ngenani adat-istiadat, kabudayan, alam pikir, pandangan urip, samubarang ngenani jaman biyen, supaya bisa dingerteni lan dienggo minangka pangilon panguripan ing wektu sabanjure. Kajaba iku, bisa weneh tepa-palupi kang becik lan bener sarta migunani tumrap bebrayan.

Ratna (2007:343) ngandharake titikan sastra sejarah yaiku:

1. Yen diwawas saka kahanan masyarakat tradisional, sastra sejarah mujudake refleksi lan dokumen masyarakat biyen, tegese seni lan ilmu nduweni penggaweyan kang padha yaiku weneh panglipur lan panyengkuyung pangrembakane masyarakat.
2. Sastra sejarah lair saka tradisi sejarah.
3. Tumrap masyarakat panyengkuyunge, sastra sejarah nduweni sipat dokumen sejarah minangka faktual.

Novel sejarah yaiku novel kanthi unsur-unsur sejarah (Ratna, 2004:65). Titikan novel sejarah yaiku:

1. Yen diwawas saka kahanan masyarakat modern, novel sejarah mujudake manifesti jamane.
2. Novel sejarah lair saka tradisi novel, minangka *genre* tradisi sastra modern kang ana gegayutane karo novel sosial, novel psikologis, lsp.
3. Tumrap masyarakat panyengkuyunge, novel sejarah nduweni sipat fiksional.

Analisis struktur ing panliten iki mujudake samubarang kang wigati amarga digunakake kanggo ngerteni wujud lan crita novel *NAS*. Kajaba iku, bisa gampangake nganalisis underan panliten nilai patriotisme sajrone novel *NAS*. Endraswara

(2006:49) ngandharake analisis struktur yaiku cara mikir ngenani jagad kang gegayutan karo tanggapan lan dheskripsi struktur-struktur.

Tintingan historis digunakake kanggo nintingi aspek ekstrinsik yaiku sejarah kang ana ing novel *NAS*. Ratna (2004:65) ngandharake tintingan historis nggoleki teges lan makna basa kayadene kang wus ditulis, dipahami nalika ditulis, lan dening pangripta kang bener-bener nulis, mula prelu nggayutake karo karya-karya liya saengga bisa diweruhi kualitas unsur-unsur sejaraha. Unsur sejarah kang ana ing novel *NAS* bisa diwawas langsung saka irah-irahan lan paraga utama ing novel *NAS* yaiku Nyai Ageng Serang kang sejatine minangka pahlawan nasional wanita Indonesia kang wus kecathet ing sejarah.

METODHE

Metodhe kang digunakake sajrone panliten iki yaiku metodhe deskriptif kualitatif kanthi pendekatan struktural. Metodhe panliten kualitatif ing panliten iki uga adhedhasar paradigma positivisme Max Weber, Imanuel Kant, Wilhem Dilthey (Moelong sajrone Ratna 2004:47) kang ngandharake yen objek panlitene dudu gejala sosial kanthi wujud substantif nanging arupa makna-makna kang kinandhut ing walikane tumindak, mula ndadekake tuwuhe gejala-gejala sosial yaiku hakikat nilai-nilai.

Sumber dhata utama panliten iki yaiku novel *Nyai Ageng Serang* anggitanane S. Sastroatmodjo (1982) kang diterbitake dening PN Balai Pustaka lan kandhele 115 kaca. Sumber dhata liyane disengkuyung buku-buku referensi sarta sumber saka internet kang ana gegayutane karo irah-irahan panliten iki. Dhata panliten iki awujud tembung, frasa apadene ukara pethikan saka novel *NAS* kang gegayutan nilai patriotisme, sarta sesambungane nilai sejarah novel karo crita Nyai Ageng Serang minangka pelaku sejarah Indonesia. Instrument panliten ing novel iki yaiku panliti dhewe. Piranti liyane kanggo nyengkuyung panliten iki yaiku pulpen, stip, potelot, spidol, buku lan kertas. Teknik pangumpulan dhata sajrone panliten iki nggunakake metodhe pustaka dene teknik analisis data nggunakake metodhe hermeunitika.

ANDHARAN

Analisis struktural mujudake tahap wiwitan kanggo nggayuh makna karya sastra kang otonom yaiku anane komponen kang wutuh (ora bisa kapisah). Struktur karya sastra kang dipunjerake ing panliten iki yaiku tema, paraga lan pamaragan,

alur, sarta latar. Asil saka panliten struktur novel *NAS* anggitané S. Sastroatmodjo yaiku tema sajroné novel *NAS* yaiku patriotisme utawa kepahlawanan. Kabukti ing pethikan novel *NAS* ana ing ngisor iki.

Nyai Ageng mriksani urubing geni iku karo ngendika klesik-klesik: Semarang kobongan, sardhadhu padha mlayu.” Sawise ngendika kayata mengkono terus narik pedhange lan mbedhalake jarane kanthi paring aba: “Terus maju! Rebut Kutha Semarang!” (Sastroatmodjo, *NAS*.1982:99).

Pethikan kasebut ngandharake lelabuhan kang tangguh nalika paprangan antarane pasukan prajurit kang dipandhegani dening Nyai Ageng nglawan Kumpeni ing Semarang. Sawise piyambake ngebongi barak-barake Kumpeni, para serdhadhu padha mlayu golek slamet. Sanalika, piyambake uga narik pedhange lan mbedhalake jarane kanthi weneh semangat aba-aba terus maju lan rebut Kutha Semarang. Semangat kang tangguh sarta tekad kang kukuh kang dituduhake Nyai Ageng saprajurite nalika paprangan nglawan Kumpeni, wusanane kasil menang lan klakon ngejegi Kutha Semarang sarta ngusir Kumpeni.

Wondene, alur critane maju. Diarani alur maju amarga critane urut saka wiwitan kanthi pungkasan dene konflik kang ana bisa dirampungake kanthi *happy ending* utawa nyenengake. Paraga lan pamaragan yaiku Nyai Ageng Serang (Raden Ajeng Mursiyah) nduweni watek mrebawani, sekti, teges, pinter ngracik tamba lan reka krida bab perang, wicaksana, kaku, *optimis*, satriya, lan gedhe pangapura. Tumenggung Mertoloyo nduweni watek gampang nglokro, sumarah, lan patriotik. Aryo Tejo digambarake minangka pawongan kang bagus, apik budhine, gagah prakasa, lan bekti marang wong tuwane. Tumenggung Mintoloyo nduweni watek tangguh lan welas asih. Pethut Bugel Surowijoyo nduweni watek durjana maling sekti, diwedeni dening andhahane, seneng nulung, lan patriotik. Tan Khun Bie nduweni watek plinplan lan patriotik. Kapten Wildrink nduweni watek wedenan lan sumarah. Latar panggonan sajroné novel *NAS* yaiku saperangan gedhe ing Serang, Grobogan, alas Pegunungan Munawan, Tlagapring, lan Semarang. Latar wektune saperangan gedhe dumadi nalika sore, bengi, lan awan sarta uga dituduhake kanthi kedadeyan lan suwene prastawa. Latar sosiale nggambarake turunan priyayi sarta tata carane mikir lan nandhang prakara. Ing kene tata carane mikir lan nandhang yaiku kepriye gambaran pamikire rakyat kang wus nandhang kasengsaran lan lara lapa amarga anane penjajahan kang

sewenang-wenang kang ditindakake dening Kumpeni, banjur saka pamikire rakyat mau nuwuhake rasa nasionalisme kang bacutane nampik anane kolonialisme.

Kanggo mawas nilai patriotisme sajroné novel *NAS* iki migunakake wawasan kang diandharake dening Saputra (2009:68), yaiku, (1) *solidaritas* (pasedhuluran) nyakup tulung tinulung lan gotong royong; (2) *Pro Patria* lan *primus patrialis* bisa kagambarake kayata lelabuhan kanthi pengabdian sarta setya tumrap negara lan pandhegane; (3) *toleransi* dituduhake kanthi sipat tepa slira; (4) tanpa pamrih bisa kagambarake kayata amanah, tanggung jawab, lan lila kurban; (5) satriya dituduhake kanthi kendel, tangguh, wicaksana, blaka, gedhe pangapura, *optimis*, lan welas asih.

Nilai patriotisme *solidaritas* (pasedhuluran) tulung tinulung ditindakake Priyagung Kartasura kang njaluk tulung Nyai Ageng supaya nyenapateni perang nglawan Kumpeni, jalaran dheweke uga ora nyarujuki Sinuhun Kartasura kang sekuthon karo Kumpeni. Pethikane novel *NAS* ing ngisor iki.

Ana sawijine Priyagung ing Kartasura kang kang wis lengser saka ing kalenggahane jalaran wis lungse ing yuswa. Priyagung mau ora nyarujuki marang tindake Ingkang Sinuhun kang wis kersa sekuthon karo Kumpeni. Priyagung mau banjur enggal-enggal utusan sarana dhedhemitan menyang panggonanku kang wigatine supaya aku mbantu nerusake nggone padha nglawan marang Kumpeni. Dene Priyagung mau paring bantuwan awujud bandha kang minangka kanggo wragading perang. (Sastroatmodjo, *NAS*.1982:35)

Pethikan kasebut ngandharake yen Priyagung mau njaluk tulung Nyai Ageng supaya nyenapateni perang nglawan Kumpeni, jalaran dheweke uga cengkah karo kersane Sinuhun Kartasura kang sekuthon karo Kumpeni. Nyai Ageng banjur nyasmitani panjaluke Priyagung kasebut, minangka kanggo imbalane kang gelem nyasmitani panjaluke. Priyagung Kartasura iku banjur weneh bantuwan awujud bandha kanggo wragad perang Nyai Ageng saprajurite.

Nilai patriotisme *solidaritas* (pasedhuluran) gotong royong ditindakake para warga pribumi kang padha melu umyeg rame-rame nyedhiyakake kapreluan kanggo perange Nyai Ageng. Luwih cethane bisa diwawas ing pethikan novel *NAS* ana ing ngisor iki.

Kaananing pandhukuhan Serang sajroning telung dina katon usrek. Wong-wong padha tata-tata, cepak-cepak gegamaning perang lan nata sanguning perang. Pawarta bab anane Nyai Ageng Serang kersa nyarirani piyambak maju ing paprangan, wis sumebar mbal-tumibal saka desa siji lan sijine agawe horeging wong-wong ing

padesan sakiwa-tengene. (Sastroatmodjo, NAS.1982:31)

Pethikan kasebut ngandharake para warga pribumi kang padha gotong royong umyeg nata kapreluan perange Nyai Ageng saprajurite, yaiku kanthi nyepakake gegaman lan sangune perang. Kabar yen Nyai Ageng arep nyenapateni maju ing paprangan wis sumebar mbal-tumibal saka desa siji lan sijine saengga nggawe horege wong-wong ing Pradesan sakiwa tengene.

Nilai patriotisme *pro patria* lan *primus patrialis* kasetyan dituduhake dening Nyai Ageng Serang. Sawise meruhi Mas Garendi lan Tumenggung Mertoloyo nalika paprangan nglawan Kumpeni kang bacute padha nyerah marang Kumpeni, sarta tumindake Sinuhun Kartasura kang sekuthon karo Kumpeni. Pranyata, ora ndadekake Nyai Ageng melu nyerah lan bedhamen karo Kumpeni. Piyambake isih setya marang Ibu Pertiwi. Pethikane ing novel *NAS* ana ngisor iki.

Sasedane garwane, panjenengane banjur pindah nyingkiri papan karameyan adhedhepok ana ing dhukuh Serang saprelu mesu budi. Ing pangesthi ora nrimakake bab sedane garwane saka ing tangane Kumpeni. Mula banjur ngirup-irup para kenya apa dene para nom-noman ing kukubane tlatah Serang kono. Para kenya lan para nom-noman mau padha digladhi ulah kridhaning gegaman lan ulah kridhaning paprangan kanthi winejang ngelmu sekti kang tundhone bakal kanggo mrasta Kumpeni. (Sastroatmodjo, NAS.1982:23).

Pethikan kasebut ngandharake tumindake Nyai Ageng kang tansah setya marang negarane. Bisa mengkonono amarga dibuktekake sawise garwane seda ing tangane Kumpeni nalika geger Cina ing Batavia. Piyambake banjur ninggalake Kartasura lan mesu budi ing Serang. Jalaran uga kagalih cengkah karo kersane Sinuhun Kartasura kang wis sekuthon karo Kumpeni. Ing Dhukuh Serang piyambake gladhi para nom-noman lan kenya ulah kridhane gegaman lan paprangan kanthi winejang ngelmu sekti, kang tundhone kanggo mbelani Ibu Pertiwi kanthi cara numpes Kumpeni.

Nilai patriotisme *pro patria* lan *primus patrialis* lelabuhan kanthi pengabdian ditindakake para warga pribumi kalebu warga desa lan tilas-tilas siswane Nyai Ageng. Lelelabuhane para warga pribumi kanthi aseshanti kanggo numpes Kumpeni kang njajah Nuswantara. Wujud lelabuhan para warga pribumi sajrone novel *NAS* luwih cethane bisa diwawas ing pethikan ngisor iki.

...tilas siswa-siswane Nyai Ageng kang wis padha dedunung ana ing liyan panggonan bareng padha krungu kabar yen Nyai Ageng kersa miyos nyarirani perang, uga banjur padha pating brubul

teka lan melu mbelani Ibu Pertiwi sarana numpes Kumpeni ngiras ngatonake bektine marang tilas gurune. Kang mengkonono iku saya muwuhu kekuwataning prajurit Serang. (Sastroatmodjo, NAS.1982:32).

Pethikan kasebut ngandharake wujud lelabuhane para warga pribumi mbelani Ibu Pertiwi saka Kumpeni. Bab pawarta yen Nyai Ageng arep nyarirani perang sumebar ing ngendi-endi, saengga para tilas siswa-siswane kang padha dedunung ana ing liyan panggonan padha pating brubul teka melu lelabuhan numpes Kumpeni. Kemangka, tansaya ngukuhake kakuwatan prajurit Serang.

Nilai patriotisme *toleransi* tepa slira dituduhake dening tumindake Tan Khun Bie yaiku salah sawijine rakyat Semarang saka bangsa China. Dheweke mbiyantu pasukan Nyai Ageng nglawan Kumpeni senajan ta wiwite dheweke dikongkon melu merangi dening Kumpeni. Pethikane bisa diwawas ing ngisor iki.

...Letnan Simon saserdhadhune padha nglawan barisan Pamungkas Karya. Dene barisane rakyat kang padha diprentahi mbantu mau padha dikon nerusake nggone nglundhung-ngglundhungake watu. Nanging wong-wong mau wis padha kesel lan padha duwe panemu manawa tanpa guna yen arep nerusake panglawanane. Ana sawijining Cina kang uga dipeksa melu dadi barisaning rakyat kanggo mbantu Kumpeni. Cina mau arane Tan Khun Bie. Tan Khun Bie ngreti marang glagate kanca-kancane kang padha dipeksa mbantu Kumpeni iku padha ora seneng. Tan Khun Bie banjur nekad, nyedhaki Letnan Simon. Dheweke nlorongake toyake saka mburi. Letnan Simon tiba njungkel njrebabah ndhepani lemah marga tembus dhadhane dening toyake Tan Khun Bie mau. (Sastroatmodjo, NAS.1982:100).

Pethikan kasebut ngandharake kahanan nalika paprangan dumadi antarane Letnan Simon saserdhadhune lan barisan Pamungkas Karya minangka pasukan Nyai Ageng. Prasasat, barisane rakyat pribumi kang dipeksa dening Kumpeni nglawan pasukan Nyai Ageng kanthi cara ngglundhung-ngglundhungake watu kasebut rumangsa wis kesel lan nduweni panemu tanpa guna yen arep nerusake nglawan. Wondene, ing barisane rakyat pribumi kasebut ana salah sawijine bangsa Cina kang jenenge Tan Khun Bie, ing kono dheweke weruh glagate kanca-kancane kang ora seneng dipeksa mbantu Kumpeni banjur dheweke nekad nlorongake toyake ing gegere Letnan Simon. Ing kono, Letnan Simon tiba njungkel njrebabah ing lemah amarga tembus dhadhane.

Nilai patriotisme tanpa pamrih amanah ditindakake dening Nyai Ageng nalika weneh dhawuh marang para andhahane prawira

manggalane prajurit perang. Bisa diwawas ing pethikan novel *NAS* ngisor iki.

“Trenggono.”

“Dalem, Bu.”

“Sesuk bocah-bocahmu padha dhawuhana supaya wiwit tata-tata.”

“Sendika, Bu.”

“Semono uga kowe Retno, nggonmu nggladhi bocah-bocahmu wadon rak iya wis mitayani ta?”

“Sampun, Bu.”

(Sastroatmodjo, *NAS*.1982:25).

Pethikan kasebut ngandharake wujud amanah kang ditindakake dening Nyai Ageng marang para andhahane. Para andhahan kasebut padha diwenehi kwajiban dening Nyai Ageng kang kudu diemban. Andhahane yaiku para prawira manggalane prajurit kayata Trenggono diwenehi kwajiban mandhegani prajurit priya. Retno Wulan diwenehi kwajiban mandhegani pasukan prajurit putri. Kabeh kwajiban kang diprentahake Nyai Ageng iku tansah diemban dening para prawira lan manggalane prajurit kang was diwenehi kapercayan.

Nilai patriotisme tanpa pamrih tanggung jawab ditindakake Pethut Bugel kang diwenehi tanggungan kwajiban dening Nyai Ageng supaya nelik kahanan Kumpeni ing Semarang. Sawise seminggu anggane nelik Pethut Bugel sakancane banjur age-age weneh pelapuran marang Nyai Ageng. Luwih cethane bisa diwawas ing pethikan novel *NAS* ngisor iki.

“Kepriye nggonmu padha nindakake kuwajiban, apa bisa oleh gawe?”

“Nun inggih, pangestu panjenengan nun inggih saged angsal damel. Salebetipun seminggunan dalem sakanca tansah mider-mider wonten ing kita Semarang. Saking keblat sekawan sampun dalem titi priksa sedaya. Menggah kawontenanipun kados mekaten: saperangan ageng barisaning Kumpeni ingkang wonten ing Semarang sampun kabidhalaken mengetan dhateng Demak. Sareng dalem sakanca bidhal wangsul saking Semarang, saged mrangguli Dhempet kirang langkung wetawis tigang pal tebihipun. Dene Kumpeni ingkang taksih kantun wonten ing kita Semarang kabagi dados kalih. Inggang sepalih sami jagi-jagi wonten ing pinggiring kita Semarang sisih wetan, dene sanesipun sami jagi-jagi wonten ing sapinggiring kita Semarang ingkang sisih kidul wetan. Kados sampun cekap atur dalem, Nyai Ageng.”

Nyai Ageng manthuk-manthuk kanthi rena ing panggalih: “Banget ing panarimaku, Bugel, kowe bisa ngaturi palapuran kang cetha, saka lapuranmu iku kaya-kaya ora bakal kleru nggonku mrentahake marang Aryo Tejo supaya ngumpul karo Trenggono, prelu kanggo nggepuk Kumpeni kang ana ing sisih kidul-wetane Kutha Semarang iku. (Sastroatmodjo, *NAS*.1982:64).

Pethikan kasebut ngandharake yen Pethut Bugel sakancane kasil ngemban amanahe Nyai

Ageng kanthi tanggung jawab. Asil pelapuran nelike Pethut Bugel ing Semarang kanggo meruhi kahanan Kumpeni mau cetha lan becik. Tumindake Pethut Bugel sakancane kang bisa tanggung jawab amanahe kasebut ndadekake rena lan seneng atine Nyai Ageng. Adhedhasar tumindake Pethut Bugel kasebut, mula Nyai Ageng ora kleru anggane ngatur reka gelar perange.

Nilai patriotisme tanpa pamrih lila kurban ditindakake para prajurit kang padha nemahi tiwas lan nandhang tatu nalika campuh perang nglawan Kumpeni kang dipandhegani Nyai Ageng ing Semarang. Luwih cethane bisa diwawas ing pethikan novel *NAS* ing ngisor iki.

Saka Serang prawira putri Kustiyah kang nandhang tatu sikile jalaran kesrempet dening mimising Kumpeni nalika lagi mranata pangane para prajurit. Malah Aryo Tejo dhewe uga kesrempet mimis ing kentole lan Wiratmo uga nandhang tatu kena mimising Kumpeni, angrem ana ing pupune. (Sastroatmodjo, *NAS*.1982:106).

Pethikan kasebut ngandharake wujud lila kurban kang ditindakake dening prawira manggalane prajurit lan para prajurit bawahan. Nalika iku, pasukan Nyai Ageng campuh perang nglawan Kumpeni ing Semarang. Ing paprangan kasebut, Kustiyah minangka prawira putri saka Serang nandhang tatu sikile jalaran kesrempet dening mimi Kumpeni nalika lagi mranata pangane para prajurit. prawira manggalane Prajurit Prambanan-Kalasan yaiku Aryo Tejo kesrempet mimis ing kentole lan Wiratmo kena ing pupune.

Nilai patriotisme satriya kendel dituduhake tumindake Nyai Ageng lan para prajurite kang perang nglawan Kumpeni. Luwih cethane bisa diwawas ing pethikan novel *NAS* ngisor iki.

“Dina Rebo Legi esuk Nyai Ageng wis ngagem busananing kaprajuritan, awit kersa nyenapateni dhewe bab campuhe karo Kumpeni kang pungkasan. (Sastroatmodjo, *NAS*.1982:98).

Pethikan kasebut ngandharake wujud kendel kang ditindakake dening paraga Nyai Ageng Serang. Sawise garwane, kangmase, lan adhine kalah perang nglawan Kumpeni. Ora ndadekake piyambake nglokro anggane nerusake nglawan Kumpeni. Malah nalika iku, piyambake nganggo busana kaprajuritan lan nyenapateni dhewe dadi Senapati campuhe perang ngraman Kumpeni.

Nilai patriotisme satriya tangguh ditindakake para prajurite Nyai Ageng kang uga tangguh anggane merangi Kumpeni. Pethikane bisa diwawas ana ing novel *NAS* ngisor iki.

Wayahé wis ngarepake surup. Sarehne Kumpeni rumangsa karoban ing tandhing, apa dene wis rumangsa wis ora kecongah nandangi pengamuke

prajurit putri kang dianggep setan iku, mula kumendhane banjur age-age menehi tengara mundur. (Sastroatmodjo, *NAS*.1982:69).

Pethikan kasebut ngandharake wujud tanguhe para prajurite Nyai Ageng anggone merangi Kumpeni. Paprangan Nyai Ageng saprajurite lan Kumpeni ing Tlagapring kanthi wayah arep surup lagi bubar. Kumpeni rumangsa karoban nandhingi pangamuke para prajurite putri Nyai Ageng kang kaya celeng diobat sarta setan. Meruhi kahanan kasebut, wusanane kumendhan pasukan Kumpeni weneh aba-aba mundur marang para serdhadhu.

Nilai patriotisme satriya wicaksana bisa diwawas saka kapandhegan paraga Nyai Ageng Serang. Pethikane novel *NAS* ana ing ngisor iki.

“O, Dhi, Dhi. Aja kaya mengkono. Aja kejeron nggonmu menggali. Ngretiya, wong-wong wis padha wis mbuktekake manawa nggonmu nglabuh tanah wutah getihmu iku nganti kok rewangi tembus dhadhamu. Aku karo putramu si Sanjoyo apa dene Sayogo kang nggenteni makili sliramu. Sapa kang isih bakal ngarani yen ora bener tindakmu? Karo maneh yen aku nganti kesuwen nggonku leren ana ing kene kurang prayoga. Sabab, yen nganti Kumpeni ngreti manawa bakal katekan ing mungsuh, wis mesthi banjur tata-tata mikuwati barisanane. Umpama banjur njaluk bantuan menyang Betawi lan liya-liyane. Yen nganti klakon kaya mengkono wis mesthi bakal gawe kisruhe rancanganku kabeh.” (Sastroatmodjo, *NAS*.1982:35).

Pethikan kasebut ngandharake wujud wicaksana kang ditindakake dening Nyai Ageng Serang nalika weneh wejangan marang Tumenggung Mintoloyo kang nduweni pepinginan arep melu perang. Mintoloyo ngerti yen pasukan prawira manggalane prajurit Nyai Ageng kang arep nindakake paprangan saithik, nanging kahanan kaya mengkono ora ndadekake Nyai Ageng nyasmitani pepingnane dheweke kang arep melu perang jalaran ngeman kahanane kang lagi lara. Nyai Ageng banjur njaluk Sanjoyo lan Sayogo supaya makili Tumenggung Mintoloyo ing madyane paprangan. Ewasemono, nalika iku Mintoloyo uga kandha marang Nyai Ageng supaya dipenakne anggone leren ing Grobogan. Ing kono, piyambake mangsuli menawa anggone leren ing Grobogan kurang prayoga yen kesuwen jalaran wedine yen Kumpeni ngreti banjur tata-tata mikuwati pasukan kang pungkasane bakal ngrusak rancangan perange.

Nilai patriotisme satriya blaka ditindakake dening paraga Tumenggung Mertoloyo kang wus ngakoni lupute marang Nyai Ageng lan rakyat pribumi. Mertoloyo ngrasa luput amarga wus nyambut gawe karo Kumpeni nanging senjata ta

mengkono dheweke mono sejatine prawira manggalane prajurit kang wus labuh praja lan nate ngraman Kumpeni, mesthine nduweni alesan kenapa nyambut gawe karo Kumpeni. Bisa diwawas ing pethikan novel *NAS* ngisor iki.

Sajatosipun, Mbakyu, langkung awarta raos kang manah kula anggen kula kapeksa lajeng mlajeng nyambud damel sesarengan kaliyan Kumpeni punika. Mboten jalaran saking myidrani tanah wutah rah kula utawi mengsahi bangsa kula piyambak, punika mboten babar pisan. Anggen kula lajeng mlajeng nyambud damel sesarengan kaliyan Kumpeni punika wau namung jalaran saking kecuwan raosing manah kula. Jalaran anggen kula toh nyawa mbelani nusa lan bangsa kula sesarengan kaliyan swargi Kangmas Tumenggung Noyontoko, swargi Kangmas Tumenggung Dipodirjo punapa dene Kangmas Dipati Mintoloyo punika sampun kabukten. Nanging kenging punapa dene Ingkang Sinuhun piyambak ndadak kersa ngawontenaken pasekuthon kaliyan Kumpeni? Punapa teka malah mboten kersa mbiyantu dhateng Mas Garendi? (Sastroatmodjo, *NAS*.1982:104).

Pethikan kasebut ngandharake satriyane Tumenggung Mertoloyo kang blaka ngakoni lupute kenapa nyambut gawe karo Kumpeni. Dheweke nyambut gawe karo Kumpeni jalaran ora nyidrane tanah wutah getihe utawa mungsuh bangsa nanging amarga judheg pikire. Dheweke ngrasa cuwa atine amarga anggone lelabuhan mbelani Ibu Pertiwi bareng mas-mase mung siya-siya. Jalaran Sinuhun Kartasura ndadak sekuthon karo Kumpeni. Bab ngenani Sinuhun Kartasura minangka pangarsa bangsa kang sekuthon karo Kumpeni banjur nuwuhake dredah, cecengilan, lan cengkah antarane para sentana ing Kartasura kalebu Mertoloyo.

Nilai patriotisme satriya gedhe pangapura bisa diwawas saka paraga Nyai Ageng Serang kang awèh sepura marang Tumenggung Mertoloyo kang wus mbalela. Pethikane bisa diwawas ing novel *NAS* ngisor iki.

Nyai Ageng mireng ature Ki Tumenggung mengkono iku banget karaos-raos ing galih. Pancen iya ana uga benere ature Ki Tumenggung iku mau. Sejatine yen dilaras kang temenan, kaluputane Ki Tumenggung iku mau pancen ora sepira yen ditimbang karo kaluputane sawijining Ratu kang prasasat menehake Tanah Wutah Getihe marang Kumpeni, mung jalaran saka nuruti hardening hawa nafsune dhewe-dhewe kang njalarai cengkah karo para sentanane dhewe. (Sastroatmodjo, *NAS*.1982:105).

Pethikan kasebut ngandharake yen Nyai Ageng awèh sepura marang Mertoloyo kang dadi pengkiyanat bangsa. Atine Nyai Ageng kang maune kukuh yen ora bakal weneh sepura marang Mertoloyo wusanane luluh. Piyambake ora mentala weneh pidana marang Mertoloyo amarga meruhi

kahanan anak-anake Mertoloyo kang mesakake banget lan tumindak blaka kang diandharake Mertoloyo kenapa nyambut gawe bebarengan Kumpeni. Dheweke melu Kumpeni jalaran rasa kuciwane marang Sinuhun Kartasura kang menehe kakuwasane marang Kumpeni sarta judheg pikirane meruhi kangmase Dipodirjo lan Mintoloyo kang padha nandhang bebaya nalika perang nglawan Kumpeni. Senajan ta, nyambut gawe karo Kumpeni. Mertoloyo mung ngurusi Kadipaten wae, dheweke ora melu-melu Kumpeni kang nyerang pasukane Nyai Ageng.

Nilai patriotisme satriya *optimis* bisa diwawas saka paraga Nyai Ageng Serang kang tansah *optimis* bakal menang ing paprangan. Pethikan novel *NAS* ngisor iki.

Ngarepake gagat rina Nyai Ageng kendel nggone semedi, jalaran wis oleh sasmitaning Pengeran manawa panggonan kang dienggo pacak baris Kumpeni iku katon padhang njingglang. Iku mretandhani manawa pengeran wis marengake nggone arep nglabak Kumpeni kang ana ing Semarang. Wong-wong padha weruh marang Nyai Ageng mau padha gumun, maega pasuryane Nyai Ageng katon mencorong kaya sunaring rembulan purnama (Sastroatmodjo, *NAS*.1982:88).

Pethikan kasebut ngandharake wujud *optimis* Nyai Ageng yen bakal kasil menang ing paprangan nglawan Kumpeni mengko. Piyambake tansah *optimis* jalaran wus semedi nyuwun sasmitane Gusti Pangeran. Asile semedi kasebut pranyata Pangeran weneh tandha yaiku panggonan kang dienggo pacak baris Kumpeni katon padhang njingglang. Kaya mengkono ndadekake Nyai Ageng percaya dhiri yen bakal menang perang.

Nilai patriotisme satriya welas asih ditindakake dening paraga Tumenggung Mintoloyo marang adhine yaiku Tumenggung Mertoloyo kang arep diwenehi pidana dening Nyai Ageng. Bisa diwawas ethikan novel *NAS* ngisor iki.

“Kula nyuwun kanthi sanget bilih mangke panjenengan sampun saged kaleksanan ngejegi kitha Semarang, sampun ngantos kasesa lajeng ndhawahaken pidana dhateng pun Mertoloyo. Kula aturi ndangu rumiyin ingkang kanthi tlesih, punapa sabab-sababipun dene piyambakipun ngantos nyabrang dhateng Semarang tumut Kumpeni.” (Sastroatmodjo, *NAS*.1982:36).

Pethikan kasebut ngandharake Tumenggung Mintoloyo kang ora tega lan ngrasa mesakake marang adhine Tumenggung Mertoloyo kang bakal diwenehi pidana Nyai Ageng. Dheweke banjur nyoba bujuk Nyai Ageng supaya aja cepet-cepet weneh pidana marang Mertoloyo. Dheweke nduweni panemu yen Mertoloyo melu Kumpeni mesthi ana sebabe.

Novel *NAS* nduweni nilai sejarah amarga kagolong sastra sejarah. Kaya dene kang wis

diandharake ing ngarep yen tegese nilai yaiku sawijine reiptan kang ngandhut konsep kang dipingini lan nduweni *keefektifan* kanggo weneh daya pangaribawa sajrone pratingkah (Kasdi, 1996:8). Samubarang diarani nduweni nilai nalika samubarang kasebut nduweni sipat penting, ana pigunane, endah kang nyugihake batin, kang bisa nyadharake manungsa karo harkat lan martabate (Widayati dkk, 2008:85). Wondene, sejarah yaiku cathetan prastawa kang disengkuyung dhata objektif kang bener-bener dumadi lan bebenere kasebut bisa ditanggungjawabake (Suwarni, 2013:123).

Adhedhasar andharan kasebut bisa didudut nilai sejarah yaiku samubarang kang migunani, becik, lan bisa dienggo tuntunan sarta pedhoman uripe manungsa saka prastawa-prastawa kang wus dumadi nalika jaman biyen kang dialami dening manungsa adhedhasar kenyataan kang bisa ditanggungjawabake. Nilai sejarah novel *NAS* bisa diwawas saka paraga Nyai Ageng Serang kang dadi paraga utama. Nyai Ageng Serang mono sejatine pahlawan nasional putri Indonesia kang wus kecathet ing sejarah.

Sesambungane nilai sejarah novel *NAS* lan crita Nyai Ageng Serang minangka pelaku sejarah Indonesia, yaiku Nyai Ageng Serang sajrone novel lan ing kenyataan sejarah Indonesia padha-padha nduweni prinsip antikolonial kang kuwat lan gedhe jiwa patriotismene. Kajaba iku, piyambake pancen pahlawan kang tangguh, *optimis*, teguh keyakinane marang Gusti Pangeran, nduweni tekad kang gedhe uga kendel, lan kapandhegane tansah wicaksana sarta teges. Bab andharan kasebut kabukti yen diwawas saka nilai patriotisme kang wus diandharake ing ndhuwur lan crita pahlawan nasional Nyai Ageng Serang kang wus kecathet ing sejarah Indonesia. Pethikan sejarah pahlawan nasional Indonesia Nyai Ageng Serang ana ing ngisor iki.

Meski merupakan putri bangsawan, namun sejak kecil Nyi Ageng Serang dikenal dekat dengan rakyat. Setelah dewasa dia juga tampil sebagai salah satu panglima perang melawan penjajah. Yang sangat menonjol dari sejarah perilaku dan perjuangan Pahlawan Wanita ini antara lain ialah kemahirannya dalam krida perang, kepemimpinan yang arif bijaksana sehingga menjadi suri tauladan bagi penganut-penganutnya. Tekadnya keras untuk lebih maju dalam berbagai bidang, dengan jiwa patriotisme dan anti penjajahan yang kuat dan konsekuen serta imannya teguh terhadap Allah SWT. Nyi Ageng Serang mengikuti latihan-latihan kemiliteran selama ada penjajahan di bumi pertiwi, selama itu pula rakyat harus siap tempur untuk melawan dan mengusir penjajah. Karena itu rakyat terutama pemudanya dilatih terus-menerus

dalam hal kemahiran berperang. (S. Soetomo lan Wongso sajrone [http:// Indonesia.com/f/114178-serial-pahlawan-nasional-nyai-ageng-serang/](http://Indonesia.com/f/114178-serial-pahlawan-nasional-nyai-ageng-serang/) diakses tanggal 04 Februari 2014 jam 20.30 WIB).

Jarwane : Senajan ta putri bangsawan priyayi, Nyi Ageng Serang iku wiwit cilik tansah cedhak karo rakyat. Malah nalika diwasa piyambake dadi Senapati perang nglawan penjajah. Piyambake iku pinter bab krida perang, kendel, *optimis* sarta teguh keyakinanane marang Gusti Pangeran, kapandhegane teges uga wicaksana, saengga dadi tepa-palupi tumrap andhahane. Kajaba iku, piyambake uga melu latian-latian militer lan reka bab perang bebarengan karo para prajurit priya. Sabanjure, piyambake uga pinter ngatur wektu saengga kagiyatane akeh kang migunani. Nyi Ageng nduweni tekad gedhe kanggo nggayuh kamulyan kanthi jiwa patriotisme lan antikolonial kang kuwat. Bab kasebut dibuktekake kanthi semboyane kang dadi prinsip sajrone uripe yaiku sasuwene ana penjajahan ing Bhumi Pertiwi, sasuwene iku rakyat kudu perang nglawan lan ngusir penjajah, mula rakyat mligine para generasi mudha kudu diwenahi panggulawentah terus ilmu bab kawasisan perang.

Pethikan kasebut ngandarake gegambaran Nyai Ageng Serang ing sejarah pranyata padha karo ing novel *NAS* yaiku nduweni prinsip antikolonial kang kuwat sarta gedhe jiwa patriotisme anggane lelabuhan nglawan penjajah Walanda. Kajaba iku, uga bisa diweruhi yen piyambake mono pawongan kang kendel ngadhepi samubarang, *optimis* marang tumindake, teguh keyakinanane marang Gusti Pangeran, tangguh sajrone paprangan, kapandhegane teges lan wicaksana. Tepa-palupi kang bisa ditiru saka pahlawan nasional wanita Nyai Ageng Serang yaiku tangguh lan *militansi* anggane nggayuh samubarang gegayuhan kang luhur sarta utama. Akeh pawongan kang nduweni niat becik lan kawasisan nanging ora nduweni mental lan niat kang kuwat kanggo nggayuh kamulyan kasebut, mula bisa diarani perjuangane dadi siya-siya wae.

PANUTUP

Dudutan

Novel *Nyai Ageng Serang* iki minangka karya sastra kang gegayutan karo sejarah, mula diarani sastra sejarah genre novel. Aspek sastra kalebu fiktif lan estetis katon cetha sajrone wujud gancaran kang disusun kanthi basa endah lan sesambungane unsur carita. Wondene, unsur sejarah bisa diwawas saka kedadeyan, latar, lan

pelaku sejarah. Pelaku sejarah bisa diwawas saka paraga utamane yaiku Nyai Ageng Serang minangka pahlawan Indonesia kang lelabuhan nglawan Walanda. Latar crita ing Serang, Kartasura, lan Semarang minangka latar kang nate dikuwasani dening Walanda uga dadi campuhe paprangan Nyai Ageng lan Walanda biyen nalika abad 19.

Konsep struktur sajrone novel *NAS* yaiku temane patriotisme utawa kepahlawanan. Paraga utama sajrone novel *NAS* yaiku Raden Ajeng Mursiyah (Nyai Ageng Serang). Paraga tambahan kang dadi penyengkuyung dalane crita ana Tumenggung Mertoloyo, Tumenggung Mintoloyo, Aryo Tejo, Pethut Bugel Surowijoyo, Tan Khun Bie lan Kapten Wildrink. Alure maju. Latar panggonan saperangan gedhe ing Serang, Grobogan, alas Pegunungan Munawan, Tlagapring, lan Semarang. Latar wektu saperangan gedhe prastawane nalika sore, bengi, lan wayah awan sarta uga ana kang dituduhake kanthi kedadeyan lan suwene prastawa. Latar sosial ing novel *NAS* nggambarake turunane priyayi sarta tata carane mikir lan nandhang prakara.

Nilai patriotisme sajrone novel *NAS* yaiku *solidaritas* (pasedhuluran), *pro-patria* lan *primus patrialis*, *toleransi*, tanpa pamrih, lan satriya. *Solidaritas* (pasedhuluran) nyakup tulung tinulung lan gotong royong. *Pro Patria* lan *primus patrialis* bisa kagambarake kayata lelabuhan kanthi pengabdian sarta setya tumrap negara lan pandhegane. *Toleransi* ditujokake kanthi tepa slira. Tanpa pamrih bisa digambarake kayata amanah, tanggung jawab, lan lila kurban. Satriya digambarake kayata kendel, tangguh, wicaksana, blaka, gedhe pangapura, *optimis*, lan welas asih.

Sesambungane nilai sejarah novel *NAS* lan crita Nyai Ageng Serang minangka pelaku sejarah Indonesia, yaiku bisa diwawas saka paraga Nyai Ageng Serang kang dadi paraga utama novel kasebut. Nyai Ageng Serang mono sejatine pahlawan nasional putri Indonesia kang wus kecathet ing sejarah. Nyai Ageng Serang sajrone novel *NAS* lan ing kanyatan sejarah Indonesia dicritakake padha-padha nduweni prinsip antikolonial kang kuwat lan gedhe jiwa patriotismene. Kajaba iku, piyambake pancen pahlawan kang tangguh, *optimis*, teguh keyakinanane marang Gusti Pangeran, nduweni tekad kang gedhe uga kendel, lan kapandhegane tansah wicaksana sarta teges.

Pamrayoga

Panliten iki diajab bisa migunani kanggo panliti sabanjure lan para pamaos supaya luwih seneng nyinaoni karya sastra, mligine karya sastra sejarah. Jalaran saka karya sastra sejarah kita ora mung antuk panglipur wae, nanging ana wawasan ngenani prastawa-prastawa kang dumadi nalika jaman biyen kayata adat-istiadat, kahanan masyarakat, kabudayaan, pandangan urip, lsp. Anane wawasan kasebut bisa dienggo tepa-palupi becik lan bener sarta migunani tumrap bebrayan.

Saliyane iku, panliten iki uga diajab bisa nggugah nuranine para pandhega bangsa Indonesia sarta sekabehane golongan masyarakat supaya nuwuhake rasa nasionalismene, saengga cancut tali wandha mangun Indonesia iki dadi negara maju. Anane rakyat kang tresna marang negarane, ndadekake negarane aman saka maneka ancaman lan pepalang kang ganggu saka njero lan njaba.

KAPUSTAKAN

Departemen Kebudayaan dan Pendidikan. 2008. *Kamus Besar Bahasa Indonesia Cap-capan Kapapat*. Jakarta: Balai Pustaka.

Endraswara, Suwardi. 2006. *Metodelogi Penelitian Sastra*. Yogyakarta: Pustaka Widyatama.

Kamidjan lan Suwarni. 2007. *Historiografi Pengantar Ilmu Sastra Sejarah*. Surabaya: FBS Unesa.

Kasdi, Aminuddin. 1996. *Dinamika Nilai-Nilai Kejuangan dan Kepahlawanan Bangsa: Kemarin, Kini, dan Esok Suatu Essay*. Surabaya: University Press.

Luxemburg, Jan Van. Dkk. 1989. *Pengantar Ilmu Sastra*. Jakarta: Gramedia Pustaka Utama.

Ratna, Nyoman Kutha. 2004. *Teori, Metode, dan Teknik Penelitian Sastra dari Strukturalisme hingga Postukturalisme Perspektif Wacana Naratif*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.

-----, 2007. *Sastra dan Cultural Studies Representasi Fiksi dan Fakta*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.

Saputra, Lukman Surya. 2009. *Pendidikan Kewarganegaraan: Menumbuhkan Patriotisme dan Nasionalisme*. Jakarta: Pusat Perbukuan Departemen Pendidikan Nasional

Sutrisno, Sulastin. dkk. 1985. *Bahasa Sastra Budaya*. Yogyakarta: Gajah Mada University Press.

Sastroatmodjo, S.1989. *Nyai Ageng Serang*. Jakarta: Balai Pustaka.

Suwarni. 2013. *Sastra Jawa Pertengahan*. Surabaya: Perwira Media Nusantara.

Widayati, Sri Wahyu. Dkk. 2008. *Ilmu Sosial Budaya Dasar*. Surabaya: Unesa University Press.

